

DWA TRAVAYÈ SELON ÒDONANS BOSTON SOU TRAVAY, SALÈ POU VIV, AK SALÈ DOMINAN

Òdonans Boston sou Travay, Salè pou Viv, ak Salè Dominan enpoze yon sèten pousantaj pèman pou anplwaye k ap travay sou kontra, soutretans, oswa kontra sèvis konstriksyon ki elijib nan Vil Boston.

KONSÈNAN SALÈ POU VIV - KOUNYE A LI \$18.20

Tout anplwaye yo bay travay nan kad kontra pou sèvis ak kontra soutretans nan Vil Boston ki touche mwens pase \$25,000 yo dwe resevwa salè pou viv lan kòm pèman. Yo ajiste salè sa a chak mwa jiyè. Apati Premye 1ye jiyè 2024 salè pou viv lan ap **\$18.20**. Sa vle di konpayi yo aktyèlman genyen egzijans pou yo peye anplwaye yo yon salè pou viv ki se omwen **\$18.20** pou chak èdtan.

KONSÈNAN SALÈ DOMINAN

Tout pèsonèl netwayaj ak ajan sekirite ki anplwaye sou kontra oswa sou tratan sèvis konstriksyon Vil Boston yo dwe resevwa yon konpansasyon nòmal selon barèm pèman ki an vigè an. Ministè Estanda Travay (Department of Labor Standards, DLS) pibliye yon griy salè dominan pou tout pwojè salè dominan yo. Anplwaye Sèvis Konstriksyon ki kouvri yo kapab mande konpayi yo an yon kopi barèm salè an.

Pou konnen si Òdonans Boston sou Travay, Salè pou Viv, Salè Dominan kouvri ou, rele Biwo Konfòmite Travay ak Pwoteksyon Travayè (Office of Labor Compliance and Worker Protections) nan 617-918-5236.

DEPOZE YON PLENT

Anplwaye ki Kouvri yo ka pote yon plent nan Biwo Konfòmite Travay ak Pwoteksyon Travayè (Office of Labor Compliance and Worker Protections) yo si konpayi yo an pa respekte egzijans Òdonans Boston sou Travay, Salè pou Viv, ak Salè Dominan. Plent Anplwaye ki Kouvri konsènan swadizan vyolasyon yo kapab fèt nenpòt kilè epi l ap rete konfidansyèl.

Pou depoze yon plent, rele nan 617-918-5236 oswa vizite [boston.gov/living-wage](https://www.boston.gov/living-wage).

DISKRIMINASYON AK REPRESAY KONT ANPLWAYE KI KOUVRI YO

Li ilegal pou yon konpayi revoke, desann nan salè oswa fè diskriminasyon kont Anplwaye ki kouvri yo paske yo depoze yon plent oswa revandike reklame dwa yo selon Òdonans Boston sou Travay, Salè pou Viv, ak Salè Dominan. Nenpòt konpayi ki fè sa yo pral konsidere sa antanke vyolasyon òdonans epi Biwo Konfòmite Travay ak Pwoteksyon Travayè (Office of Labor Compliance and Worker Protections) pral mennen ankèt sou yo.

SANKSYON

Si Biwo Konfòmite Travay ak Pwoteksyon Travayè (Office of Labor Compliance and Worker Protections) a detèmine yon konpayi te vyole Òdonans lan, sanksyon sa yo ka aplike:

- Amann ki gen montan \$300 pou chak anplwaye ki gen salè pou viv epi pou chak jou vandè ki konsène a vyole òdonans sa a;
- Depoze yon plent devan otorite konpetan eta oswa ajans gouvènmantral lan;
- Ranbousman salè pou chak anplwaye ki konsène;
- Sispanasyon kontra ankou ak pèman sou tretans yo;
- Li p ap kalifye pou pwochen kontra ak Vil la pandan twazan oswa jiskaske tout sanksyon ak ranbousman yo fin peye nèt; epi
- Tout lòt aksyon yo jije apwopriye epi ki gen diskresyon ak otorite Vil la.

Kesyon oswa preyokipasyon konsènan Òdonans Boston sou Travay, Salè pou Viv, ak Salè Dominan yo dwe voye Òdonans yo bay Biwo Konfòmite Travay ak Pwoteksyon Travayè (Office of Labor Compliance and Worker Protections) yo:

43 Hawkins Street, Boston, MA 02114
workers@boston.gov
617-918-5236



Pou w jwenn plis enfòmasyon, al sou sit [boston.gov/labor-policy](https://www.boston.gov/labor-policy) oswa eskane kòd QR lan.

This notice contains information about your rights or obligations, and should be translated immediately. Translations are available at no cost. To request translation services, email workers@boston.gov.

Este aviso contiene información sobre sus derechos u obligaciones y debe traducirse de inmediato. Las traducciones son gratuitas. Para solicitar servicios de traducción, envíe un correo electrónico a workers@boston.gov.

Avi sa a genyen ladann enfòmasyon sou dwa w oswa obligasyon w, epi li ta dwe tradui imedyatman. Tradiksyon disponib san frè. Pou w mande sèvis tradiksyon, voye yon imèl nan workers@boston.gov.

本通知包含有關您的權利或義務的資訊，應立即翻譯。翻譯免費提供。要申請翻譯服務，請發送電子郵件至 workers@boston.gov。

Thông báo này có thông tin về các quyền và nghĩa vụ của quý vị, và cần được dịch thuật ngay lập tức. Bản dịch có sẵn miễn phí. Để yêu cầu dịch vụ dịch thuật, hãy gửi email tới workers@boston.gov.

Este aviso contém informações sobre seus direitos e deveres e deve ser traduzida imediatamente. As traduções estão disponíveis gratuitamente. Para solicitar serviços de tradução, mande um e-mail para workers@boston.gov.

